



Pou Piblikasyon Imedya: 12/08/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON KI PWOMILGE NOUVO PWOTEKSYON
KONPLÈ KONT ASÈLMAN NAN ESPAS TRAVAY**

*Elimine restriksyon ki di asèlman dwe "sevè oubyen jeneralize" pou li ka
legalman aksyonab*

*Dekrete tout kontra akò konfidansyalite enkli langaj ki pèmèt anplwaye depoze
plent pou asèlman oubyen diskriminasyon*

*Pwolonje dèlè preskripsyon pou plent asèlman seksyèl nan travay ki depoze soti
nan yon ane pou twa ane*

Yon Pati Kle nan Ajanda Jistis pou Fanm Gouvènè a an 2019

Gade videyo Gouvènè Cuomo k ap diskite lejislasyon sa a [isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodi a te siyen lejislasyon (S.6577/A.8421) pou pwomilge nouvo pwoteksyon konplè kont asèlman nan espas travay, ki akonpli yon eleman kle nan Pwogram Jistis pou Fanm (Women's Justice Agenda) Gouvènè Cuomo a an 2019. Lejislasyon sa a ranfòse lwa anti-diskriminasyon New York yo pou asire anplwaye ka chache jistis epi agresè yo pral responsabilize lè nou elimine restriksyon ki di asèlman an dwe "sevè oubyen jeneralize" pou li ka legalman aksyonab; ekzije tout akò konfidansyalite pèmèt anplwaye depoze yon plent asèlman oubyen diskriminasyon; epi pwolonje dèlè preskripsyon pou plent asèlman seksyèl nan travay ka depoze soti nan yon ane pou ale nan twa ane.

"Gen yon kilti kontini, pèsistan nan kesyon asèlman, vyolans ak diskriminasyon seksyèl nan espas travay la, epi kounye a se lè pou n aji", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Lè nou elimine estanda legal absid ki di asèlman seksyèl nan espas travay la dwe 'sevè oubyen jeneralize' epi rann li pi fasil pou yo prezante plent asèlman seksyèl nan espas travay, n ap voye yon mesaj solid ke jou asèlman seksyèl bout nan espas travay la epi etabli estanda egalite pou fanm."

"Nou dwe kontinye chanje kilti nou an epi asire ke fanm yo pwoteje kont agresyon ak asèlman seksyèl yo", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Refòm sa yo ajoute sou efò New York ap fè ki ap mennen nan nasyon an pou konbat asèlman seksyèl epi asire ke sivivan yo gen zouti ak sipò ke yo bezwen pou chache jistis epi responsabilize agresè yo. Lejislasyon sa a se yon lòt pa nan fè vanse dwa fanm yo epi akonpli egalite total yon fwa pou tout."

Pou kontinye pwoteje travayè epi responsabilize agresè, lejislasyon sa a:

- Redwi ekzijans wo ki etabli pou anplwaye yo pou ka rann anplwayè responsab pou asèlman seksyèl lè li modifiye anba Lwa Dwa Imen New York (New York Human Rights Law) pou rann li klè ke konpòtman an pa bezwen "sevè oubyen jeneralize" pou li konstitye yon konpòtman aksyonab;
- Pwoteje dwa anplwaye yo pou pote plent pandan y ap egzije tout akò non-divilgasyon nan kontra travay yo enkli langaj ki deklare anplwaye yo kapab toujou pote yon plent sou asèlman oswa diskriminasyon ak gen yon ajans leta oswa lokal epi temwaye oswa patisipe nan yon ankèt gouvènman; ak
- Pwolonje dèlè preskripsyon pou plent asèlman seksyèl nan travay ki depoze devan Divizyon Dwa Imen (Division of Human Rights) sot nan yon ane pou ale nan twa ane;
- Ekzije patwon pou ofri anplwaye yo yon avi sou politik prevansyon asèlman seksyèl patwon an anglè menm jan ak nan lang natifnatal anplwaye a;
- Etann kouvèti Lwa Dwa Imen bay tout patwon nan eta a;
- Etann pwoteksyon kont tout fòm diskriminasyon nan espas travay la bay tout founisè, soutretan, vandè, konsiltan, oubyen lòt moun k ap ofri sèvis; epi kont tout fòm asèlman diskriminatwa kont travayè domestik;
- Ekzije tribinal pou entèprete Lwa Dwa Imen liberalman kèlkeswa demantèlman ki gen nan lwa yo onivo federal;
- Entèdi abitraj obligatwa pou rezoud ka diskriminasyon ak asèlman nan espas travay la;
- Mete a jou pouvwa Pwokirè Jeneral la pou aplike Lwa Dwa Imen; epi
- Ekzije yon etid sou meyè fason pou bati sou lwa resan sou prevansyon asèlman seksyèl pou konbat tout tip diskriminasyon nan espas travay la epi yon revizyon politik asèlman seksyèl chak kat ane.

Senatris Alessandra Biaggi te deklare, "An 2018 yon gwoup ansyen anplwaye lejislatif te prezante pou mande jistis pou ane asèlman seksyèl yo te andire nan men lejislatè ak òganis eta pisan - jodi a n ap pran pouvwa sa a epi mete li nan men sivivan ak klas ouvriye nan New York Ak siyati lejislasyon sa a, patwon atravè tout sektè pral responsabilize pou adrese tout fòm asèlman seksyèl ak diskriminasyon nan espas travay la, epi sivivan yo pral resevwa tan nesèsè pou depoze plent ak chache jistis yo merite a. Li te yon gwo onè pou m te pote pwojè lwa sa a epi mwen enkwayabman apresye Lidè Majorite Sena Andrea Stewart-Cousins ak Gouvènè Andrew M. Cuomo pou angajman yo nan adrese kesyon sa a ak kè epi lespri ouvri. Jodi a New York kanpe kòm yon fa espwa pou sivivan atravè peyi a pandan n ap kondwi yon mouvman pou l vin lwa, epi pran yon pa vèlavan nan sans konstwi yon New York ki san asèlman pou tout moun".

Manm Asanble Aravella Simotas te deklare, "Jodi a make jou travayè nan Eta New York reklame ak fyète espas yo san laperèz. Chak grenn moun gen dwa a yon espas travay ki pa gen asèlman ak vyolans seksyèl. Li gen anpil tan nan wout, epi mwen fyè paske fondasyon kote asèlman seksyèl te kouve nan espas travay nou yo pandan plizyè jenerasyon te vin rive demoli. Lè nou siyen pake direktiv sa yo pou ranfòse pwoteksyon travayè, n ap ranfòse estanda New York pou asire opòtinite egal pou tout moun. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo, Senatè Biaggi, ak patnè mwen yo nan Lejislati a paske yo konprann ijans pou amelyore espas travay nou yo ak priorize refòm sa yo".

Gouvènè a te pwopoze pou premye fwa refòm konplè sa yo kòm yon pati nan Pwogram Jistis pou Fanm an 2019; li te pwopoze sa ankò nan Bidjè Ekzekitif Ane Fiskal 2020 an. Lejislati a pat adopte inisyativ lan, epi ak 11 jou ki rete nan sesyon lejislatif lan, Gouvènè a te lanse Pwogram Jistis pou Fanm: Kanpay Moman An Se Kounya ki mande lejislati a pou mete fen ak ekzijans ki di asèlman dwe sevè oubyen jeneralize, menm jan ak pran lòt aksyon anvan fè sesyon an.

New York se lidè nasyonal nan lit kont asèlman seskyèl epi lane dènyè Gouvènè Cuomo te adopte pwojè lwa ki te plis konplè a konsènan asèlman seksyèl nan bidjè Ane Fiskal 2019 la. Pake sa a te elaji pwoteksyon kont asèlman nan lye travay yo nan Lwa Dwa Imen Eta a (State's Human Rights Law) pou ajoute founisè sèvis, soutretan, vandè, konsiltan, oswa lòt antite k ap ofri sèvis nan lye travay la; li te egzije pou patwon yo adopte yon politik prevansyon asèlman seksyèl epi fè fòmasyon; epi li fè sa obligatwa pou apati Janvye 2019 tout founisè sèvis Eta a dwe soumèt yon afimasyon yo gen yon politik sou asèlman seksyèl epi yo ofri fòmasyon anyèl pou tout anplwaye yo. Lejislasyon sa a bati sou pake sa a epi ofri pi gwo pwoteksyon toujou kont asèlman nan espas travay.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)